

NYC

ESKANE POU



SANT  
RECHOFMAN

# Sant Rechofman

Yon Resous pou Tout Rezidan nan New York yo

Fredi ekstrèm nan kapab touye moun. Tout rezidan nan New York yo merite pou jwenn sekirite ak chofaj. Siy wè yon rezidan nan New York sanble vilnerab nan freddi a, **rele 311** pou jwenn èd san pèdi tan. Epitou, ou kapab oryante yo nan yon sant rechofman (itilize kòd QR ki anba a). Lè yo an sèvis, bis oswa minibis yo kapab estasyon toupri pi gwo lopital yo ak Sant Dakèy yo.

Ki Moun yo ap Sèvi?

Nenpòt moun ki ap chèche abrite yo kont freddi a.

Kijan pou m Jwenn yo

Lè yo aktive akòz freddi ekstrèm nan, sant rechofman yo ap fonksyone pandan tout jounen an nan anplasman ak bis yo, nan tout awondisman yo pandan tout peryòd freddi a.

Kijan pou m Jwenn Èd

Lè sant rechofman yo ouvri, ou annik bezwen monte bis la nan nenpòt estasyon bis nou endike. Manm pèsonèl ki responsab sansibilizasyon an kapab mete w an kontak ak lòt resous yo, si sa nesesè.

Pou w konn dènye anplasman yo ak orè yo, kontakte 311  
oswa ale sou: [on.nyc.gov/warmingcenters](https://on.nyc.gov/warmingcenters)